



Department of  
Education  
Chancellor Richard A. Carranza

2YÈM EDISYON

GID DEPATMAN  
EDIKASYON VIL  
NOUYÒK POU

# Tranzisyon soti nan Entèvansyon Bonè

- pou ale nan -

## Preskolè



## Languages Other Than English: For Families

<p>If this is your native language, this guide is available in your language. To request a copy, please ask the staff member who is assisting you, or by searching online on the website below.</p>
<p>إذا كانت هذه هي لغتك الأم، فهذا الدليل متاح بلغتك. لطلب نسخة، يرجى سؤال الموظف الذي يساعدك، أو من خلال البحث عبر الإنترنت على الموقع أدناه.</p>
<p>এটি যদি আপনার দেশীয় ভাষা হয়, এই গাইডটি আপনার ভাষায় পাওয়া যায়। একটি কপি অনুরোধ করতে, অনুগ্রহ করে আপনাকে সহায়তা করছেন যে স্টাফ সদস্য তাঁকে জিজ্ঞাসা করুন, অথবা নিচের ওয়েবসাইটে অনলাইনে খুঁজুন।</p>
<p>如果這是您的母語，這份指南有您母語的譯本。如需索取一份指南，請找正在協助您的職員，或上網到以下網站搜索這本指南的網上版。</p>
<p>S'il s'agit de votre langue maternelle, ce guide est disponible dans votre langue. Pour obtenir un exemplaire, veuillez faire une demande auprès du membre du personnel qui vous aide ou en faisant une recherche en ligne sur le site Internet indiqué ci-dessous.</p>
<p>Si lang sa a se lang natif natal ou, gid sa a disponib nan lang ou pale a. Pou jwenn yon kopi, tanpri mande manm estaf k ap ede w la, oswa al chèche sou entènèt nan sitwèb ki pi ba a.</p>
<p>이것이 귀하의 모국어라면, 본 안내서가 사용하시는 언어로 준비되어 있습니다. 사본을 요청하시려면 여러분을 돕고 있는 직원에게 문의하시거나, 아래 웹사이트에서 온라인으로 찾아보십시오.</p>
<p>Это руководство переведено на русский язык. За переводом обращайтесь к сотруднику Департамента или на указанный ниже веб-сайт.</p>
<p>La guía está disponible en español. Pida un ejemplar en español al miembro del personal que lo está ayudando o consulte la página web más abajo.</p>
<p>اگر یہ آپ کی آبائی زبان ہے تو، یہ رہنمائی آپ کی زبان میں دستیاب ہے۔ ایک نقل (کاپی) کی درخواست کرنے کے لیے براہ کرم عملے کے اس رکن سے پوچھیں جو آپ کی مدد کر رہا ہے یا ذیل ویب سائٹ پر تلاش کریں۔</p>

<https://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool>

### Lòt lang ki pa anglè: **Pou pwofesyonèl**

Gid la disponib nan lang Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Espanyòl ak Urdu e ou ka jwenn yo nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool>.

# Byenveni!

Chè fanmi,

Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) Vil Nouyòk ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (NYC Health Department) alafwa ap travay pou asire ke timoun ki pi jèn k ap aprann ki gen andikap yo gen aksè nan sèvis yo bezwen, patikilyèman pandan pwen tranzisyon (soti nan sèvis yo bay atravè yon sistèm pou antre nan sèvis yo vay nan yon lòt sistèm). Ajans nou yo ap fè patenarya pou amelyore tranzisyon soti nan pwogram Entèvansyon Bonè a (Early Intervention, EI) pou pase nan preskolè epi yo te travay ansanm pou kreye Gid sa avèk objektif pou ba ou plis enfòmasyon sou opsyon preskolè ou genyen pou pitit ou. Nou espere enfòmasyon sa a ap ede w lè w ap pran desizyon pou pitit ou an.

Nou konnen kijan tranzisyon ka difisil pou fanmi timoun ki gen andikap yo. Anplis, tranzisyon pou soti nan EI pou pase nan preskolè se yon moman kritik kote fanmi yo bezwen enfòmasyon ki klè ak sipò. Jan ou konnen an, timoun ki gen reta devlopman ak andikap yo gen aksè nan sèvis Depatman Sante a bay atravè pwogram EI a ant laj 0 ak 3 zan. Fanmi timoun yo genyen ant 3 ak 5 an yo gen opsyon pou antre nan Komite DOE sou Edikasyon Espesyal Preskolè a (Committee on Preschool Special Education, CPSE) lè yo fè yon rekòmandasyon lè timoun yo ap apwoche laj 3 zan. Fanmi ka aplike tou pou pwogram timoun debitan yo tankou 3K pou Tout Moun ak EarlyLearn NYC.

Mwen ankouraje w pou vin abitye avèk enfòmasyon ki nan gid sa a epi pou diskite l avèk kowòdonatè sèvis pwogram EI pitit ou a, founisè sèvis yo, ak pwofesè. Mèsi pou angajman ou toujou pran nan edikasyon pitit ou ak nan devlopman li.

Avèk senserite,



Josh Wallack  
Chanselye Adjwen,  
Edikasyon pou Debitan ak  
Enskripsyon Elèv, NYC DOE



Linda Chen  
Administratè akademik  
anchèf NYC DOE



Dr. Daniel Stephens  
Delege Adjwen pou Sante  
Fanmi ak Timoun  
Depatman Sante Vil Nouyòk

# Tabmatyè

## I. Swen Gadri ak Edikasyon pou Debitan. . . . . paj 7

Opsyon DOE pou Tibebe ak Timoun Piti . . . . .	paj 7
Swen Gadri ak Edikasyon pou Debitan pou Timoun 3 ak 4 an. . . . .	paj 7
Delè pou aplike pou pwogram 3-K ak Pre-K pou timoun ki gen andikap . . . . .	paj 9

## II. Tranzisyon soti nan Entèvansyon Bonè pou pase nan Edikasyon Espesyal Preskolè. . . . . paj 10

Rankont pou Tranzisyon. . . . .	paj 10
Pwosesis Edikasyon Espesyal Preskolè . . . . .	paj 11
Avi . . . . .	paj 11
Rekòmandasyon . . . . .	paj 11
Evalyasyon . . . . .	paj 12
Reyinyon CPSE . . . . .	paj 13
Pwogram ak Sèvis . . . . .	paj 14
Teknoloji Asistans . . . . .	paj 15
Pwosedi regilye. . . . .	paj 17
Sipò ki disponib nan 3-K pou Tout Moun ak Pre-K pou Tout Moun . . . . .	paj 18

## III. Resanblans ak Diferans ant Entèvansyon Bonè ak Edikasyon Espesyal Preskolè . . . . . paj 19

## IV. Anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) ak Enklizyon . . . . . paj 21

Anviwònman ki gen mwens restriksyon . . . . .	paj 21
Avantaj enklizyon. . . . .	paj 22

## V. Lòt enfòmasyon ak resous. . . . . paj 23

Resous pou aplike nan 3-K pou Tout Moun ak Pre-K pou Tout Moun . . . . .	paj 23
Kontak DOE pou Sipò Edikasyon Espesyal Preskolè. . . . .	paj 23
Enfòmasyon Kontak pou Rejyon CPSE, Prezidan ak Kowòdone Kominotè. . . . .	paj 24
Biwo Sante Lekòl . . . . .	paj 26
Resous Ekstèn . . . . .	paj 27

## VI. Tèm Kle . . . . . paj 28

# Gid Depatman Edikasyon pou Tranzisyon soti nan Entèvansyon Bonè pou ale nan Preskolè

Epòk tibebe, timoun piti, ak timoun ki gen laj preskolè se yon tan devlopman ak kwasans enkwayab. Pandan tan sa a, anpil timoun jwenn avantaj sipò anplis pou ede yo aprann ak pwospere. Nan Vil Nouyòk, timoun ki gen reta nan devlopman ak andikap ki gen mwens ke twazan ka resewa sipò sa yo atravè Entèvansyon bonè (EI) ke Depatman Edikasyon ak Ijyèn Mantal (DOHMH) ap òganize. Pou timoun laj twazan ak plis ki gen andikap onivo edikasyon tankou yon reta oswa andikap ki afekte aprantisaj la, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (DOE) gen yon varyete pwogram edikasyon espesyal ak sèvis.

Lè y ap fè tranzisyon pou soti nan EI a, ou ka refere pitit ou an bay Kominte sou Edikasyon Espesyal Preskolè (CPSE) DOE a si ou kwè pitit ou an ka bezwen sèvis apre EI. Kèlkeswa si pitit ou an bezwen sèvis oswa non, nou ankouraje tout timoun ki pral gen twazan pou aplike nan pwogram gratis oswa pri redui 3-K pou Tout Moun yo. Timoun yo ka resewa sèvis edikasyon espesyal preskolè nan yon kad ki pou debitan tankou 3-K pou Tout Moun.

Gid sa a ap bay enfòmasyon ki ka ede w konprann opsyon w yo lè ou ap prepare w pou tranzisyon soti nan EI pou ale nan preskolè. Li genyen ladan enfòmasyon konsènan pwogram edikasyon pou debitan DOE yo ak pwosesis tranzisyon pou edikasyon espesyal preskolè.



# I. Opsyon pou Swen Gadri ak Edikasyon pou Debitan

## Opsyon DOE pou Tibebe ak Timoun Piti

Si pitit ou an gen mwens pase twazan epi ou enterese nan opsyon swen gadri ak edikasyon pou debitan, DOE gen opsyon pwogram tou pou timoun depi nesans rive de zan. Pandan pitit ou an nan pwogram Entèkansyon Bonè (EI) ant laj nesans rive nan de zan, yo ka bay sèvis EI yo nan yon pwogram EarlyLearn DOE. Vil Nouyòk bay yon kantite pwogram EarlyLearn gratis oswa bon mache pou fanmi ki kalifye yo. Pwogram sa yo bay swen ak edikasyon bonè pou timoun apati nesans rive de zan, pandan tout ane a pou jiska dis èdtan pa jou. Elijiblite an baze sou revni ak bezwen fanmi ou.\* Si w kalifye ak si gen plas, pitit ou a ka kòmanse yon pwogram nenpòt lè pandan ane a. Sa yo genyen ladan yo:

- Pwogram jounen/ane pwolonje pou tibebe / timoun piti;
- Pwogram Early Head Start; ak
- Opsyon kupon Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children's Services, ACS).

Pou aprann plis sou opsyon sa yo, vizite sitwèb DOE a nan [www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/earlylearn-nyc](http://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/earlylearn-nyc).

*\*Nòt: Pwogram Head Start ak Early Head Start DOE yo ka pran yon ti kantite fanmi ki pa kalifye baze sou revni yo, si yo demontre yon nesansite pou sèvis yo. Sa gen ladan fanmi ak timoun ki gen andikap ki ta ka benefisye nan yon kad Head Start oswa Early Head Start.*

## Opsyon Swen Gadri ak Edikasyon pou Debitan pou Timoun ki gen laj 3 ak 4 ane

DOE ofri plizyè opsyon pou swen gari ak edikasyon pou debitan pou fanmi ki gen timoun ki gen laj katran ki genyen oswa ki pa genyen reta nan devlopman ak andikap.

Pou pitit ou an ka patisipe nan youn nan pwogram sa yo, ou bezwen aplike nan pwosesis aplikasyon 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun, oswa si ou elijib, dirèkteman nan Head Start ak lòt founisè pwogram jounen / ane pwolonje yo. Komite sou Edikasyon Espesyal Preskolè a (CPSE) pa fè aranjman pou bay plas nan pwogram edikasyon jeneral debitan, tankou 3-K oswa pre-K. Si ou remèt oswa prevwa remèt yon rekòmandasyon pou evalyasyon nan CPSE, epi aplike epi jwenn yon plas nan 3-K oswa pre-K, CPSE a ap travay avèk ou pou òganize sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye pou bezwen pitit ou an nan pwogram 3-K oswa pre-K a. Ou ka toujou kontakte CPSE a pou diskite kijan pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo ka òganize nan pwogram 3-K oswa pre-K kote ou jwenn yon plas la.

**Nou ankouraje fanmi ak tout timoun, ladan timoun ki gen andikap pou aplike nan pwogram 3-K oswa pre-K pou Tout Moun.** Pou aprann plis sou fason pou fè rekòmandasyon bay CPSE pou pwogram ak sèvis edikasyon espesyal preskolè, ale nan seksyon II nan paj 10 la, Tranzisyon pou soti nan El pou ale nan Edikasyon Espesyal Preskolè.

## 3-K pou Tout Moun (3-K for All)

Pwogram 3-K pou Tout Moun yo ofri edikasyon **gratis**, tout jounen, bon kalite pou timoun twa zan nan Vil Nouyòk. Nan **kèk** distri lekòl, pwogram 3-K yo disponib pou tout fanmi (gade nan [www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/3k](http://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/3k) pou yon lis distri ki ofri 3-K pou tout fanmi yo). Nan **tout** distri lekòl yo, pwogram 3-K yo disponib pou fanmi ki kalifye yo dapre revni ak bezwen yo.\* Pwogram sa yo, ladan Head Start, gratis oswa a pri ba epi yo ofri swen tout ane a jiska 10 èdtan nan yon jounen; si ou kalifye epi gen yon plas disponib, ou ka enskri pitit ou a nenpòt ki lè. Pou aprann plis, vizite [www.nyc.gov/3k](http://www.nyc.gov/3k).

*\*Nòt: Pwogram Head Start ak Early Head Start DOE yo ka pran yon ti kantite fanmi ki pa kalifye baze sou revni yo, si yo demontre yon nesosite pou sèvis yo. Sa gen ladan fanmi ak timoun ki gen andikap ki ta ka benefisye nan yon kad Head Start oswa Early Head Start.*

## Pre-K pou Tout Moun (Pre-K for All)

Pwogram Pre-K pou Tout Moun yo ofri bon kalite edikasyon **gratis**, tout jounen pou timoun ki gen laj katran nan Vil Nouyòk. Kèk pwogram pre-K, ki gen ladan Head Start, disponib pou fanmi ki kalifye selon revni ak nesosite yo.\* Pwogram sa yo gratis oswa bon mache epi yo ofri swen pandan tout ane a pou jiska 10 èdtan pa jou; si ou kalifye epi gen yon plas ki disponib, ou ka enskri pitit ou an nenpòt lè. Vizite [www.nyc.gov/prek](http://www.nyc.gov/prek) pou aprann plis.

### Yo fè pwogram Pre-K pou Tout Moun nou yo nan diferan anviwònman:

- *Lekòl Distri.* Gen kèk lekòl primè leta ki ofri pwogram 3-K ak Pre-K. Se direktè lekòl yo ki sipèvize pwogram yo.
- *Sant Pre-K.* Se estaf DOE k ap dirije sant Pre-K yo epi se sèlman klas ki pi piti pase kindergarten yo genyen.
- *Sant Edikasyon Bonè Vil Nouyòk (Early Education Centers, NYCEEC).* Gen kèk òganizasyon kominotè ki ofri pwogram 3-K ak pre-K, epi se DOE k ap sipòte yo.
- *Pwogram adomisil.* Gen kèk pwogram adomisil ki bay 3-K ak pre-K, epi se DOE k ap sipòte yo.

- Pou plis enfòmasyon sou pwogram edikasyon jeneral ki disponib, epi pou jwenn enfòmasyon kontak yo, ou ka vizite [www.MySchools.nyc](http://www.MySchools.nyc).
- Ou ka apran plis tou lè w rele ekip Sansibilizasyon DOE a nan **212-637-8000**.
- Si ou gen kesyon oswa ou bezwen sipò pou tranzisyon soti nan El pou ale nan preskolè, ou ka kontakte [eitopreschool@schools.nyc.gov](mailto:eitopreschool@schools.nyc.gov).
- Pou sipò pou enskripsyon jeneral: [www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers](http://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers).

## Delè pou aplike nan pwogram 3-K ak Pre-K pou timoun ki gen andikap

Timoun jwenn anpil avantaj lè yo aprann nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (least restrictive environment, LRE) ki apwopriye pou bezwen endividyèl yo. LRE vle di aprantisaj nan kad kote elèv ki gen andikap yo edike ansanm ak elèv ki pa gen andikap nan limit ki posib. Sa souvan vle di aprann nan klas 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun ki gen pwogram edikasyon espesyal oswa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (Related Services).

### Ou ka aplike pou 3-K ak pre-K:

	Ke ou prewa soumèt yon rekòmandasyon bay CPSE a oswa non;
	Si ou te deja soumèt yon rekòmandasyon bay DOE a:
	Si ou nan pwosesis CPSE a, epitou si w ap tann evalyasyon yo konplete oswa w ap tan reyinyon IEP a planifye; oswa
	Si pitit ou an deja gen yon IEP, epitou si yo genyen yon IEP ki rekòmande klas espesyal nan yon kad entegre (SCIS) oswa klas espesyal (gade seksyon IV nan paj 21 an pou plis enfòmasyon sou kalite pwogram sa yo).

Remake ke yo aksepte aplikasyon pou 3-K ak pre-K pandan ouvèti yon pwosesis aplikasyon chak ane ki fèt ant ivè ak prentan ([www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade](http://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade)), men ou ka mande antre nan yon lis atant pou 3-K ak pre-K depi aplikasyon an fèmen. Pwosesis CPSE a, ki diskite nan plis detay nan pwochen seksyon an, fèt pandan tout ane a, e nou ankouraje w aplike pou 3-K ak pre-K kèlkeswa kote ou ka ye nan pwosesis CPSE a.

Nou ankouraje w aplike epi enskri pitit ou an nan pwogram 3-K oswa pre-K pandan w ap tann reyinyon IEP w la oswa aranjman sèvis edikasyon espesyal yo. Tanpri sonje:

- Si ou aplike, jwenn yon plas, epi chwazi antre nan yon pwogram 3-K oswa pre-K, **epi** ou gen yon IEP, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Ou ka toujou kontakte CPSE a pou diskite kijan pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo ka òganize nan pwogram 3-K oswa pre-K kote ou jwenn yon plas la.
- Si ou aplike epi ou jwenn yon plas nan 3-K oswa pre-K pandan w ap patisipe nan yon pwogram edikasyon espesyal e ou vle transfere nan yon pwogram 3-K oswa pre-K, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Nan nenpòt pwen, ou menm oswa anplwaye pwogram nan ka mande rankontre ak CPSE a pou diskite si pitit ou an bezwen plis sipò ke pwogram nan ka bay.

Gade seksyon IV nan paj 21 an pou plis enfòmasyon sou avantaj anviwònman ki mwens restriktif ak enklizyon an.

## II. Tranzisyon pou soti nan EI pou ale nan Edikasyon Espesyal Preskolè

Pandan pitit ou an ap soti nan Entèvansyon bonè (Early Intervention, EI), li enpòtan pou konnen enfòmasyon sa yo pou fasilite tranzisyon an.

### Reyinyon Tranzisyon


Ou pral kòmanse pale avèk Kowòdonatè Sèvis EI la konsènan tranzisyon pitit ou an nan **Plan Sèvis Fanmi Endividyalize (Individualized Family Service Plan, IFSP)** ki pi pre dezyèm anivèsè pitit ou an. Nan reyinyon an, oumenm, reprezantan Ofisyèl EI la, ak kowòdonatè Sèvis Early Intervention lan ap prezante ansanm avèk yon Plan Tranzisyon pou pitit ou an. Anplis, ou gen dwa pou genyen yon **Konferans Transition**, ke kowòdonatè sèvis EI ou an ka aranje epi li ta ka envite reprezantan DOE a nan Komite sou Edikasyon Espesyal Preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) an. Objektif reyinyon sa a se aprann plis enfòmasyon konsènan pwosesis edikasyon espesyal preskolè an.

Si ou decide fè yo evalye pitit ou an pou sèvis edikasyon espesyal preskolè, ou dwe voye yon lèt pou CPSE pitit ou an. Yo rele lèt sa a **“Premye rekòmandasyon.”** Kowòdonatè Sèvis EI ou an ka ede w ekri lèt la oswa ou ka kontakte CPSE pou ede w fè yon rekòmandasyon.



# Pwosesis Edikasyon Espesyal Preskolè

Pwosesis edikasyon espesyal preskolè ki rezime anba a dekri an detay nan [Gid Familyal pou Sèvis Edikasyon Espesyal Preskolè NYCDOE](http://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool) (disponib sou: [www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool](http://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool)).



**1 Notifikasyon.** Kowòdonatè Sèvis EI ou an pral pale avèk ou konsènan avize CPSE an ke pitit ou an ka kontinye bezwen sèvis apre l fini kite EI. **Voye avi pou CPSE pa vle di ou rekòmande pitit ou an pou CPSE.** Si w decide pou pa avize CPSE, ou ka toujou decide pou rekòmande pitit ou an pou CPSE apre.

Si w dakò avèk avi a, Kowòdonatè Sèvis EI la pral voye fòm **Avi Elijiblite Potansyèl** la pou CPSE ant 120 ak 90 jou anvan pitit ou an elijib pou rekòmandasyon. Si ou decide ou pa vle yo avi bay CPSE a, ou ka tyeke opsyon ki di non an nan fòm avi an.

**2 Rekòmandasyon.** Si ou panse pitit ou an kapab elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè, voye yon **lèt rekòmandasyon** pou CPSE byen bonè tankou 120 jou anvan pitit ou an vini elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè (gade delè pi ba a); **ak** pa pi ta pase 90 jou anvan twazyèm anivèsè pitit ou an.

Dat nesans	Pi bonè pou Kalifye pou CPSE
Vin gen laj 3 zan ant 1ye janvyè ak 30 jen	2 janvyè ane an yo vin gen 3 zan
Vini gen 3 zan ant 1ye jiyè ak 31 desanm	1ye jiyè ane yo gen 3 zan an

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk ofri yon kalkilatris kote ou ka jwenn dat kalifikasyon ki pi bonè pitit ou an ki baze sou dat nesans li, nan lyen sa a: [www.p12.nysed.gov/sedcar/ei\\_to\\_4410\\_calculator.html](http://www.p12.nysed.gov/sedcar/ei_to_4410_calculator.html)

Plan sèvis EI pitit ou an ak evalyasyon li yo kapab ede anpil lè CPSE ap planifye evalyasyon preskolè pitit ou an. Si ou dakò, kowòdonatè sèvis EI ou an pral remèt yo bay CPSE a.

Si w pa rekòmande pitit ou nan CPSE, oswa si yo pa jwenn pitit ou an elijib pou CPSE, pitit ou an dwe kite EI nan jou anvan twazyèm anivèsè li.

**Pou timoun nan fanmi akèy (Foster care)**, se vrè paran oswa paran adoptif timoun lan ki dwe fè rekòmandasyon an, sofsi yo te elimine, limite dwa sa yo, paran an te abandone yo; paran yo te chwazi yon lòt moun kòm yon “moun pou sèvi kòm paran” pou objektif edikasyon; oswa yo pa konnen kote paran yo ye. Si yo pa konnen ki kote paran byolojik yo oswa paran ki adopte timoun lan ye, Depatman Edikasyon ka mete yon paran ranplasman (jeneralman paran Foster care la) pou pran desizyon edikasyon espesyal pou timoun lan, lè sa nesèsè. Ajans fwaye akèy (Foster care) la ka fè tou yon *demand pou rekòmandasyon*. Lè yo fè demand pou yon rekòmandasyon, CPSE a ap revize demand lan epi aksepte oswa refize rekòmandasyon an.

Menmsi ou remèt yon rekòmandasyon oswa non, oswa apre ou remèt yon rekòmandasyon, nou ankouraje w aplike nan 3-K pou Tout Moun. Si ou aplike, jwenn yon plas, chwazi antre nan pwogram nan **epi** ou resewva yon IEP pi devan, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Ou ka toujou kontakte CPSE a pou diskite kijan pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo ka òganize nan pwogram 3-K oswa pre-K kote ou jwenn yon plas la.

**3 Evalyasyon.** Apre yo resewva rekòmandasyon w lan, CPSE pral voye yon lis lokal evalyasyon ak lòt enfòmasyon enpòtan pou ou pa lapòs. Ou dwe revize lis lokal evalyasyon yo pou chwazi ak fikse **yon randevou pou yon evalyasyon pi vit posib**. Pou kèk timoun li obligatwa pou fè yon evalyasyon bileng, ke yo fè nan ni Anglè ni lòt lang natifnatal oswa lang pitit ou a pale lakay li a. Pou ede detèmine si pitit ou an bezwen evalyasyon bileng, yo dwe fè yon sondaj sou lang li pale lakay li a pou detèmine lang evalyasyon an. Si w ta renmen jwenn èd nan chwazi oswa kontakte yon lokal evalyasyon, kontakte CPSE w la.

Evalyasyon sa yo genyen ladan yo egzamen tankou:

- Yon evalyasyon psikolojik konplè ki gade sa pitit ou an konnen ak kapasite koyitif yo;
- Yon entèvyou sou istorik sosyal, ki bay antesedan sou istorik devlopman ak famiyal pitit ou an, souvan depi nesans jiska prezan;
- Yon evalyasyon fizik, ki se yon fòm egzamen sante ke doktè pitit ou an souvan ranpli;
- Yon obsèvasyon pitit ou an nan kad edikasyon aktyèl o a oswa kote yo gade la; ak
- Lòt evalyasyon ki apwopriye jan li nesèsè pou verifye faktè fizik, mantal, konpòtmantal ak emosyonèl ki kontribye nan defisyans prezime timoun nan.

Avan reyinyon CPSE a, kote k ap fè evalyasyon an ap voye kopi rapò evalyasyon pitit ou a ba ou ak bay administratè CPSE yo, ladan yon rapò Rezime Evalyasyon Elèv Preskolè ke nou toulede ka revize avan reyinyon CPSE a.

#### 4 **Reyinyon CPSE.** Apre rezilta evalyasyon yo fini, CPSE pral pwograme yon reyinyon avèk ou.

Li enpòtan anpil pou ale nan reyinyon CPSE konsa ou ka travay ansanm avèk CPSE a pou pran desizyon konsènan pitit ou. Nan reyinyon an, ekip la pral revize rezilta evalyasyon yo, pataje ak aprann plis enfòmasyon sou pitit ou an, ak detèmine si pitit ou an elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè.

Pou li ka elijib, CPSE dwe detèmine pitit ou an se yon elèv “**nan preskolè ki gen yon andikap.**” Yo baze desizyon sa a sou evalyasyon ki montre ke pitit ou an genyen yon reta konsiderab nan devlopman oswa yon andikap nan edikasyon, yon reta oswa andikap ki afekte aprantisaj.

Pitit ou an ka elijib pou pwogram ak sèvis edikasyon espesyal preskolè si yo montre reta enpòtan nan youn oswa plis nan domèn sa yo:

- Devlopman koyitif (rezònman ak aprantisaj);
- Devlopman langaj ak kominikasyon (konpreyansyon ak itilizasyon langaj);
- Devlopman adaptatif (kapasite asistans pèsonèl tankou fè twalèt, manje epi abiye);
- Devlopman sosyo-emosyonèl (konpòtman tankou antann ak lòt moun epi eksprime santiman)
- Devlopman motris (devlopman fizik ki gen ladan reta oswa twoub konsènan vizyon, tande ak mouvman).

Si yo jwenn pitit ou an elijib, CPSE a ap travay avèk ou pou devlope yon **Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP)**. Yon IEP se yon plan ekri ki pale sou abilite pitit ou a epi li souliye sèvis DOE bay gratis pou satisfè bezwen pitit ou a pou edikasyon. Dokiman IEP a genyen ladan l anpil seksyon, ki gen ladan nivo pèfòmans prezan, objektif mezirab pa ane, pwogram ak sèvis edikasyon espesyal preskolè yo rekòmande, ak tout aranjman ak modifikasyon yo ka bezwen.

IEP a ap rekòmande pwogram ak sèvis nan **anviwònman ki gen mwens restriksyon (least restrictive environment, LRE)** ki apwopriye pou pitit ou an. Anviwònman ki gen mwens restriksyon yo pèmèt timoun yo resevwa sèvis akote elèv ki na edikasyon jeneral san IEPs toutotan sa posib. Sa ta ka vle di resevwa sèvis nan yon pwogram 3-K oswa pre-K. Si ou aplike epi / oswa ou resevwa yon òf pou yon pwogram 3-K oswa pre-K, nan reyinyon CPSE a, pale administratè CPSE w la de sa epi CPSE a travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a.

Si CPSE a fè yon reyinyon anvan twazyèm anivèsè pitit ou an epi li jwenn pitit ou a kalifye pou sèvis yo, ou ka swa: (a) mete fen nan sèvis EI epi kòmanse sèvis edikasyon espesyal preskolè yo depi pitit ou an kalifye pou sèvis edikasyon espesyal preskolè; **oswa** (b) pwolonje sèvis EI pitit ou an toudepan de dat nesans pitit ou an.

Dat nesans	Dènye Delè pou Sèvis EI Pwolonje
Vin gen laj twazan ant 1 janvyè ak 31 out	31 out nan ane yo vin gen twazan
Vin gen laj twazan ant 1ye septanm ak 31 desanm	31 desanm nan ane yo vin gen twazan

**5 Sèvis.** Administratè CPSE a ap fè aranjman pou pwogram, sèvis ak sipò yo rekòmande nan IEP pitit ou an. **Gade paj 16 la pou plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis edikasyon espesyal preskolè yo.**

Gen yon varyete pwogram ak sèvis ki disponib pou sipòte elèv preskolè avèk Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Programs, IEP) yo. Sèvis edikasyon espesyal preskolè yo tonbe nan yon seri ki soti nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an pou rive nan sa ki gen plis restriksyon an.

Anviwonman ki gen mwens restriksyon yo pèmèt timoun yo resevwa sèvis ansanm avèk elèv jeneral edikasyon ki pa gen IEP. Gen pwogram ak sèvis ki pi restriktif ki disponib pou timoun ki bezwen plis sipò ak sèvis ki espesyalize.

Yo souliye pi ba a pwogram ak sèvis ki pi komen yo.

Deskripsyon pwogram	Description
Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal*	Sèvis ki asosye yo se terapi fizik, terapi pwofesyonèl òtofonni / terapi langaj ak lòt.
Pwofesè vizitè edikasyon espesyal (Special Education Itinerant Teacher, SEIT)*	Yon SEIT se yon pwofesè edikasyon espesyal ki travay anpil avèk yon elèv sou plan akademik, emosyonèl ak sosyal. Yo ka bay sèvis sa a nan ti gwoup oswa youn ak youn nan pwogram pou debitan pitit ou an, nan yon lòt adrès gadri ou chwazi, oswa lakay fanmi w nan sèten sitiyasyon.
Klas espesyal nan yon anviwònman entegre (Special Class in an Integrated Setting, SCIS)	Se yon salklas kote yo edike elèv ki gen IEP ak elèv ki pa gen IEP ansanm.
Klas espesyal	Se yon salklas ki sèvi sèlman elèv ki gen IEP ki gen bezwen yo pa ka satisfè nan anviwònman edikasyon jeneral oswa nan salklas entegre.

**\*Nòt:** Pitit ou an ka resevwa tou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal ak/oswa SEIT nan yon preskolè prive oswa lòt lokal gadri ki pa piblik kote w enskri ak peye pou pitit ou, oswa lakay ou nan kèk sikonstans.

## Kisa aparèy Teknoloji Asistans ye?

Teknoloji asistans (Assistive Technology, AT) fè referans avèk aparèy ak / oswa sèvis ekip CPSE w la ka mete sou IFSP pitit ou an ant laj 0-3 zan ak sou IEP pitit ou an ant laj 3-5 an, toudepan bezwen li. Yo ka bay AT nan ni Pwogram Entèkansyon Bonè ak ni DOE. Men, ka gen diferans nan aparèy AT yo rekòmande nan pwogram EI ak DOE a. Diferans enpòtan ant AT nan EI ak nan DOE pi ba a:

Aparèy Teknoloji Asistans ak / oswa Sèvis nan Entèkansyon Bonè...	Aparèy Teknoloji Asistans ak / oswa Sèvis nan DOE...
<ul style="list-style-type: none"><li>■ Yo rekòmande si yon moun k ap bay terapi detèmine pitit ou an bezwen <b>yon aparèy pou ede l fonksyone pi byen ak nan aktivite lavi kotidyen yo.</b></li><li>■ Yo t ap ajoute l nan IFSP <b>pitit ou an.</b></li><li>■ Yo itilize yo jeneralman <b>lakay timoun nan.</b></li><li>■ <b>Genyen ladan l egzanp</b> tankou aparèy pozisyonman oswa pou sipòte asiz, pou fè twalèt oswa sistèm pou benyen, pwotèz pou tande ak twotinèt oswa antrenè demach.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>■ Yo ka rekòmande l si yon evalyatè detèmine pitit ou an bezwen sipò yon <b>aparèy pou l gen aksè nan avantaj edikatif pandan l ap resevwa pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP a.</b></li><li>■ Yo t ap ajoute l nan Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande sou <b>IEP</b> pitit ou an.</li><li>■ Yo ka bay li nan <b>lekòl ak pwogram timoun lan ladan l yo.</b> Si ou deja itilize yon aparèy AT lakay ou, ou ka mande pote aparèy sa nan lekòl la.</li><li>■ <b>Egzanp yo genyen ladan yo</b> tankou yon aparèy ki jenere pawòl.</li></ul>

Okenn nan ajans yo pa prezizeman bay ekipman medikal oswa terapi ki pa asosye ak andikap oswa estati devlopman timoun nan pou EI, oswa aprantisaj pou DOE a, byenke yo ka itil. Ou ka bezwen itilize asirans prive ou pou gen aksè ak kalite ekipman sa.

Pou plis enfòmasyon sou AT, ale sou sit entènèt DOE AT nan: [www.schools.nyc.gov/learning/special-education/supports-and-services/assistive-technology](http://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/supports-and-services/assistive-technology).

### Transfere Teknoloji asistans ki soti nan Entèkansyon bonè nan Preskolè

Li ka posib pou transfere yon aparèy AT soti nan entèkansyon bonè pou ale nan preskolè. Si pitit ou a resevwa oswa te resevwa aksè nan yon aparèy oswa sèvis AT pandan li nan Entèkansyon bonè, li enpòtan pou pataje enfòmasyon sa ak administratè CPSE ou, k ap konsidere enfòmasyon sa lè l ap devlope IEP pitit ou an.

- Si ou siyen yon Konsantman pou Transmisyon Evalyasyon ak Dosye EI yo, mande pou EISC pataje enfòmasyon sou aparèy AT ak sèvis lè yo voye yon Rekòmandasyon bay Komite sou Edikasyon espesyal preskolè nan DOE.
- Ke EISC pataje enfòmasyon sa lè yo voye yon Fòm Rekòmandasyon, ou ta dwe pote otorizasyon sèvis EI pitit ou an (yon fòm ki dekri sèvis, ki gen ladan AT, pitit ou an resevwa nan EI a) nan reyinyon CPSE w la.

### Enfòmasyon sa itil pou ekip CPSE a lè y ap reflechi sou bezwen edikatif pitit ou an.

Tanpri pran sonje aksè nan sèvis AT nan DOE yo ka egzije yon evalyasyon siplemantè nan Sant pou Teknoloji Asistans DOE a. Tanpri voye imel sou [CATpreschool@schools.nyc.gov](mailto:CATpreschool@schools.nyc.gov) si ou gen nenpòt kesyon konsènan AT nan pwogram preskolè DOE a.

## Aranjman pou Pwograms ak Sèvis

Aprè yo fin devlope IEP pitit ou an, Komite sou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) an pral mande w, paran an pou bay pèmasyon alekri pou kòmanse sèvis yo. Yo rele sa a “**Konsantman an tout konesans**” pou sèvis. Aprè yo fin resewva konsantman w alekri, CPSE pral fè aranjman pou yo bay sèvis yo. CPSE responsab pou l fè aranjman pou tout pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP pitit ou an. Si ou pa reponn demand pou konsantman an oswa si ou refize konsantman an, CPSE p ap fè aranjman pou bay sèvis, epi yo pa pral pran okenn lòt aksyon.

### Si IEP pitit ou an rekòmande

SEIT ak/oswa Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal Sèlman	Yon "Klas espesyal nan yon anviwònman entegre" oswa yon "Klas espesyal"
<p>Yo ka bay sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>■ <b>Nan tout kad preskolè oswa gadri timoun (piblik ak prive), oswa</b></li> <li>■ <b>Lakay nan kèk sikonstans.</b></li> </ul> <p><i>CPSE pa fè aranjman pou bay plas nan pwogram edikasyon jeneral <b>pou debitan</b> . Si ou enterese pou aplike nan pwogram pou debitan DOE, gade seksyon anvan yo nan paj 7-9. Si pitit ou an ale nan youn nan pwogram sa yo, y ap bay sèvis ki ede avèk bezwen espesyal yo ak/ oswa SEIT nan pwogram lan.</i></p>	<p>CPSE pral aranje pou yon plasman apwopriye nan yon pwogram edikasyon espesyal preskolè. Klas sa yo disponib nan Sant Pre-K, ak nan pwogram edikasyon espesyal ki baze nan kominote.</p> <p><i>Y ap bay tout sèvis IEP yo rekòmande pou pitit ou an nan pwogram edikasyon espesyal preskolè a.</i></p>

Si pitit ou an resewva yon IEP ak yon rekòmandasyon pou yon klas espesyal oswa SCIS, nou toujou ankouraje w aplike pou 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun. Si ou aplike, jwenn yon plas, epi chwazi antre nan yon pwogram 3-K oswa pre-K, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Nan nenpòt pwèn, oumenm oswa anlwaye pwogram lan ka mande rankontre ak CPSE a pou pale sou si pitit ou an bezwen plis sipò pase pwogram nan ka bay.

Pou aprann plis sou pwosesis CPSE a, ladan evalyasyon, kritè elijiblite pou sèvis edikasyon espesyal preskolè, IEP, ak pwogram ak sèvis, ale nan Gid fanmi pou Sèvis edikasyon espesyal preskolè yo: [www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/family-guide-to-preschool-special-education-services-haitian](http://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/family-guide-to-preschool-special-education-services-haitian)

## Pwosedì san patipri

Patisipasyon ou nan devlopman, egzamen ak revizyon Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) pitit ou an enpòtan. Antanke paran, ou gen dwa asire pou konprann sa ki nan IEP pitit ou an nèt.

Dapre lalwa, oumenm antan paran, ou gen dwa pou pwosedì san patipri, ki vle di si ou pa dakò avèk rekòmandasyon ki soti nan reyinyon CPSE a, ou gen dwa pou konteste desizyon osijè elijiblite pitit ou a, evalyasyon I, sèvis yo ba li ak pwogram yo mete l la atravè pwosesis ki rele medyasyon ak / oswa odyans san patipri a.

- **Medyasyon:** Pandan medyasyon, oumenm avèk yon manm CPSE a chita avèk yon twazyèm pati ki p ap fè patipri pou ede ak ankouraje oumenm ak DOE rive nan yon akò. Medyatè a p ap pran desizyon ni pase lòd. Okotè. travay medyatè a se pou ede oumenm ak DOE rive jwenn yon solisyon agreyab.
  - Ou ka fè yon demann pou dedyasyon alekri bay sant medyasyon lokal ou an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou medyasyon, tanpri gade: [www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/your-rights](http://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/your-rights).
- **Odyans san pati pri:** Antanke yon paran, ou gen dwa pou mande yon odyans san pati pri. Se yon pwosedì legal. Pandan yon odyans san patipri, w ap konparèt devan yon Ofisye Odyans san pati pri (ki pa yon anplwaye DOE epi prezante vèsyon pa w de istwa a. Ofisye Odyans lan ap tande oumenm ak reprezantan DOE a, l ap pran prèv nan men temwen ak dokiman, epi l ap pran yon desizyon alekri osijè kòman pou rezoud pwoblèm ou souleve a. Depi ou mande yon odyans san pati pri, yo ka aplike yon "sispansyon" (yo rele kèk fwa "poz"). Sa vle di pitit ou ta ka rete nan plas kote yo mete l la pou dire nenpòt pwosesis jijman pwosedì regilye jiskaske pwoblèm lan rezoud oswa ou jwenn yon akò avèk DOE. Remake ke si pitit ou an vin gen 3 zan epi yo poko wè si l elijib pou CPSE, sispansyon an pa aplike.
  - Demann odyans san pati pri yo de fèt alekri nan **Impartial Hearing Office**  
131 Livingston Street, Room 201 Brooklyn, Nouyòk 11201  
Telefòn: (718) 935-3280/ imèl: [ihoquest@schools.nyc.gov](mailto:ihoquest@schools.nyc.gov)
  - Demann ou an pou yon odyans san patipri dwe:
    - Fèt alekri nan Impartial Hearing Office;
    - Gen non pitit ou a, adrès li ak nimewo ID elèv la (si pitit ou a deja gen youn);
    - Gen non lekòl pitit ou a ye a (oswa espesifye pitit ou a poko ale lekòl);
    - Dekri fè ki gen rapò avèk pwoblèm ou genyen an ak solisyon ou pwopoze a; epi
    - Genyen non ou (paran an) ak enfòmasyon pou kontakte ou.
  - Yon fòm demann rekòmande, ou ka itilize pou mande yon jijman san patipri, disponib nan CPSE, Biwo Impartial Hearing, oswa, disponib nan CPSE a, Biwo odyans san pati pri a oswa sou entènèt nan [www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/impartial-hearings](http://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/impartial-hearings).



## Sipò ki disponib nan 3-K pou Tout Moun ak Pre-K pou Tout Moun

Si ou pa chwazi pou bay yon rekòmandasyon pou Komite sou edikasyon espesyal (Committee on Preschool Special Education, CPSE), oswa si w fè yon rekòmandasyon pou CPSE epi yo jwenn pitit ou an pa elijib pou edikasyon espesyal preskolè, pitit ou an ka toujou jwenn sipò edikasyon jeneral, tankou 3-K ak Pre-K pou Tout Moun.

3-K ak Pre-K pou Tout Moun ofri divès sipò pou tout timoun. Pwogram sa yo gen pwofesè edikasyon pou debitan ki fokis sou devlope mouvman, konpetans nan lang ak lekti, ak kapasite sosyoemosyonèl. Nan yon jounen tipik, timoun yo aprann nan gwo ak ti gwoup aktivite, tan chwa ak jwèt. Pwofesè yo pral ajiste eksperyans aprantisaj sa yo pandan jounen an, obsève devlopman timoun yo pandan yon sèten tan . Pwogram yo tou gen aksè ak resous tankou travayè sosyal pou debitan ak Kowòdonatè enstriksyon yo, ki disponib nan ede pwogram ki fè pwomosyon pou angajman fanmi, aprantisaj sosyoemosyonèl, ak enstriksyon.


- Pou plis enfòmasyon sou pwogram edikasyon jeneral ki disponib, epi pou jwenn enfòmasyon kontak yo, ou ka vizite [www.MySchools.nyc](http://www.MySchools.nyc).
- Ou ka aprann plis tou lè w rele ekip Sansibilizasyon DOE a nan **212-637-8000**.
- Si ou gen kesyon oswa ou bezwen sipò pou tranzisyon soti nan El pou ale nan preskolè, ou ka kontakte [eitopreschool@schools.nyc.gov](mailto:eitopreschool@schools.nyc.gov).
- Pou sipò enskripsyon jeneral, ou ka vizite yon Sant Byenveni pou Fanmi (lokal yo disponib nan: [www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers](http://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers)).

### III. Resanblans ak diferans ant Entèvansyon Bonè ak Edikasyon Espesyal Preskolè

Soti nan El pou edikasyon espesyal preskolè ka mande yon ajisteman pou oumenm ak pitit ou an. Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal preskolè diferan avèk sèvis El.

Yon gwo chanjman se fanmi w pa pral gen yon Kowòdonatè sèvis entèvansyon bonè ankò. Ou pral travay pito avèk yon Administratè Komite edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) pou devlope pwogram edikasyon endividyèl pitit ou an (Individualized Education Program, IEP), epi Administratè CPSE an se pral premye pwen kontak ou nan pwosesis CPSE a.

Anplis, pitit ou an ka pa resevwa sèvis sa yo nan menm lokal kote yo te konn resevwa ynan lè yo te nan El ankò. Yo bay sèvis edikasyon espesyal preskolè pi souvan nan pwogram pou debitan yo. Timoun ki gen plis bezwen espesyal ka bezwen yon klas edikasyon espesyal preskolè.



Ou ka li yon rezime sou diferans yo nan tablo sa a:

	Pwogram ak Sèvis Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (New York City Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH)	Pwogram ak Sèvis Edikasyon Espesyal Preskolè Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) Vil Nouyòk
<b>Laj timoun yo sèvi</b>	Timoun ki gen laj <b>depi yo fèk yo fèt rive 3 zan</b> ki gen andikap oswa reta nan devlopman.	Timoun ki gen laj <b>3 zan rive 5 an</b> ki gen andikap oswa reta nan devlopman ki afekte aprantisaj.
<b>Kote yo bay sèvis yo</b>	Yo bay sèvis yo pi souvan nan <b>anviwònman natirèl</b> , ki ka adomisil oswa nan pwogram debitan pitit ou an.	Sèvis yo pi souvan nan sant, epi yo ka bay nan gadri oswa pwogram preskolè, oswa adomisil nan kèk sikonstans. Yo ka rekòmande timoun ki gen plis bezwen pou ale nan yon klas edikasyon espesyal preskolè.
<b>Evalyasyon</b>	Yo detèmine eligibilite pou El avèk yon evalyasyon. Evalyasyon El yo konsantre sou <b>devlopman timoun nan</b> .  Yon kowòdonatè sèvis El ka ede fanmi w pwograme evalyasyon pitit ou an, si nesèsè.	Se yon evalyasyon ki detèmine elijibilite pou edikasyon espesyal preskolè. Evalyasyon preskolè konsantre sou <b>aprantisaj ak devlopman timoun lan</b> .  Paran dwe chwazi yon lokal evalyasyon yo apwouve nan lis ki nan pake premye rekòmandasyon an. Paran dwe pwograme evalyasyon an avèk lokal evalyasyon an. Sou demand, CPSE a ap ede fanmi an kontakte lokal evalyasyon yo.
<b>Plan Sèvis</b>	Si yo jwenn timoun lan elijib, y ap devlope yon Plan sèvis fanmi endividyèl ( <b>Individualized Family Service Plan, IFSP</b> ) pou pitit ou an k ap gen sèvis yo pral resevwa yo Sa rive nan yon reyinyon ke Reprèzantan ofisyèl El la ap dirije.	Si yo jwen li kalifye, y ap devlope yon <b>Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP)</b> nan reyinyon CPSE a, ki dirije pa administratè CPSE a. IEP an se plan ki gen konpetans timoun la epi souliye sèvis yo bay yo pou satisfè bezwen edikasyon timoun la.
<b>Patisipasyon paran</b>	<b>Paran yo enplike aktivman</b> nan pwosesis la ak nan devlopman plan timoun nan.	<b>Paran yo enplike aktivman</b> nan pwosesis la ak nan devlopman plan timoun nan.
<b>Klasifikasyon timoun ki elijib yo</b>	Yo klase timoun yo kòm <b>kalifye pou sèvis Entèkansyon bonè</b> . Sa vle di yo genyen yon dyagnostik medikal oswa reta devlopman.	Yo klase elèv yo nan IEP yo kòm yon <b>Elèv Preskolè ki gen Andikap</b> . Sa vle di yo gen yon reta oswa andikap ki afekte aprantisaj yo.
<b>Aranjman pou sèvis</b>	Reprèzantan <b>Ofisyèl Entèkansyon Bonè (Early Intervention Official Designee, EIOD)</b> an ak <b>Kowòdonatè Sèvis Entèkansyon Bonè (Early Intervention Service Coordinator, EISC)</b> ap kreye IFSP avèk fanmi an, travay avèk fanmi an pandan sèvis El yo, ak ede nan planifikasyon tranzisyon.	Yon <b>administratè CPSE</b> fè aranjman pou pwogram ak sèvis nan IEP pitit ou.
<b>10 a 12 mwa</b>	Yo ofri sèvis El yo <b>pandan tou ane sivil la (12 mwa)</b> .	Sèvis edikasyon espesyal preskolè yo se <b>sèvis yo ofri jeneralman pandan tout ane lekòl la (10 mwa), men yo ka ofri yo pandan 12 mwa</b> si sa ta ka fè pitit ou an rete dèyè anpil si li pa resevwa sèvis pandan sezon ete a.
<b>Pri</b>	Yo bay tout sèvis Entèkansyon Bonè (Early Intervention, EI) <b>gratis</b> pou timoun ki elijib. Sepandan, El pral mande pou asirans fanmi ak enfòmasyon Medicaid.	Yo bay tout sèvis edikasyon espesyal preskolè <b>gratis</b> pou tout timoun ki eligib.

## IV. Anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) ak Enklizyon

DOE a bay sèvis nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (LRE) ki apwopriye a, ki vle di elèv ki gen andikap yo edike ansanm ak elèv ki pa gen andikap nan limit ki posib. Klas enklizyon yo se klas kote timoun ki gen andikap ak timoun ki pa genyen aprann ansanm nan menm klas.

Lè yo jwenn timoun yo elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè, Komite sou Edikasyon Espesyal Preskolè gen obligasyon pou bay sèvis yo rekòmande pou elèv preskolè yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon ki apwopriye pou yon timoun, ki pou pifò timoun ta dwe nan kad ki gen enklizyon.

Egzanp anviwònman enklizyon se:

- Yon klas edikasyon jeneral nan yon pwogram tankou 3-K pou Tout Moun, ki gen sèvis tankou terapi pou langaj oswa terapi fizik;
- Yon klas edikasyon jeneral nan yon pwogram tankou 3-K pou Tout Moun, ki gen yon Pwofesè vizitè edikasyon espesyal (Special Education Itinerant Teacher, SEIT);
- Yon klas espesyal nan yon anviwònman entegre (Special Class in an Integrated Setting, SCIS) ki genyen ladan l timoun ki gen andikap ak timoun ki pa genyen; epi
- Yon klas espesyal nan yon anviwònman entegre (Special Class in an Integrated Setting, SCIS), ki genyen ladan l timoun ki gen andikap ak timoun ki pa genyen, ak sipò siplemantè, tankou sèvis tankou terapi pou langaj oswa terapi fizik, oswa sipò yon parapwofesyonèl.

Yo ofri lòt rekòmandasyon, tankou yon pwogram klas espesyal ki sèvi elèv ki gen andikap sèlman, pou pitit ou a sèlman lè bezwen li pa ka satisfè nan yon kad edikasyon jeneral oswa SCIS ki gen èd ak sèvis siplemantè. Si pitit ou an resewva yon IEP ak yon rekòmandasyon pou yon klas espesyal oswa SCIS, nou toujou ankouraje w aplike pou 3-K oswa pre-K pou Tout Moun. Si ou aplike, jwenn yon plas, epi chwazi antre nan yon pwogram 3-K oswa pre-K, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Nan nenpòt pwen, oumenm oswa anplwaye pwogram lan ka mande rankontre avèk CPSE a pou pale sou si pitit ou an bezwen plis sipò ke pwogram lan ka bay.





## Avantaj Enklizyon

Kad enklizyon yo, tankou edikasyon jeneral oswa klas SCIS yo, pèmèt timoun ki gen andikap ak timoun ki pa genyen aprann ansanm youn ak lòt. Enklizyon an ankouraje devlopman akademik, endepandans, ak devlopman sosyo-emosyonèl.

Rechèch sou enklizyon nan anfans montre:

- NI timoun ki gen andikap NI timoun ki pa gen andikap jwenn avantaj nan enklizyon an:
  - Timoun ki gen andikap aprann sou kamarad yo, epi devlope pi bon kapasite kominikasyon, sosyo-emosyonèl ak kapasite pou adapte yo.
  - Timoun ki pa gen andikap devlope akseptans divèsite pi byen ak plis konpòtman konpasyon sosyal.
- Timoun ki gen andikap ki edike nan klas enklizyon:
  - Devlope kapasite langaj ak matematik ki pi solid.
  - Gen plis chans pou genyen entèraksyon sosyal avèk kamarad yo, ki pèmèt yo kreye pi gwo rezo zanmi epi resevwa kapasite sosyal.
  - Gen tandans pou absan mwens kantite jou nan lekòl la.

Kòm yon rapèl, 3-K ak Pre-K pou Tout Moun ofri kad ki enklizif. Ale nan seksyon I nan paj 7–9 pou plis enfòmasyon sou pwogram sa yo ak sou fason pou aplike.

## V. Lòt enfòmasyon ak resous

### Resous pou aplike nan 3-K pou Tout Moun ak Pre-K pou Tout Moun

Ou ka jwenn enfòmasyon ak kontak pwogram lan, ak aplikasyon pou 3-K ak Pre-K pou Tout Moun nan [www.MySchools.nyc](http://www.MySchools.nyc).

- Pou jwenn sipò pou aplikasyon w lan, kontakte Ekip kanpay motivasyon an nan: **212-637-8000**.
- Pou kesyon jeneral sou admisyon ak enskripsyon, kontakte Biwo enskripsyon elèv la nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov).
- Ou ka vizite tou yon Sant byenveni pou fanmi (lokal yo disponib nan: [www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers](http://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers)).

### Kontak DOE pou Sipò nan Edikasyon Espesyal Preskolè:

Sijè	Kontak
Liy jeneral pou Edikasyon espesyal DOE	<b>718-935-2007</b>
Tranzisyon Entèvansyon Bonè (EI)	<a href="mailto:EltoPreschool@schools.nyc.gov">EltoPreschool@schools.nyc.gov</a>
Sèvis ki asosye	<a href="mailto:RelatedServices@schools.nyc.gov">RelatedServices@schools.nyc.gov</a>
Edikasyon espesyal	<a href="mailto:SpecialEducation@schools.nyc.gov">SpecialEducation@schools.nyc.gov</a>
Elèv ki nan lojman tanporè	<a href="mailto:STHinfo@schools.nyc.gov">STHinfo@schools.nyc.gov</a>
Teknoloji asistans	<a href="mailto:CATpreschool@schools.nyc.gov">CATpreschool@schools.nyc.gov</a>

Resous, ladan [Gid Fanmi pou Edikasyon Espesyal Preskolè NYCDOE](http://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool), disponib sou sitwèb edikasyon espesyal preskolè DOE a: [www.schools.nyc.gov/learning/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool](http://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool).

Pou plis enfòmasyon, konpoze **311** oswa ale sou [www.schools.nyc.gov/specialeducation](http://www.schools.nyc.gov/specialeducation).

## Enfòmasyon pou kontakte Prezidan ak Kowodonatè Kominote Rejyon CPSE

Komite sou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) responsab pou pwosesis edikasyon espesyal preskolè pou timoun laj twazan rive nan kindergarten (ane pitit ou an vin gen laj 5 ane a). CPSE yo travay avèk fanmi nan distri a kote yon fanmi abite, kèlkeswa kote timoun yo ap resevwa sèvis oswa ale nan lekòl preskolè a.

Gen 10 CPSE nan diferan zòn vil la. Chak CPSE fè pati yon biwo Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) ki pi gwo. Gen yon prezidan k ap jere biwo a, k ap sipèvize CPSE a tou. Kowòdonatè kominotè CPSE yo sipòte paran yo nan pwosesis CPSE a. Apre ou fè yon rekòmandasyon bay CPSE a, ou ka kontakte Kowòdonatè kominotè a nan CPSE ou te rekòmande pou sipò a.

Si ou pa konnen nan ki distri lekòl ou abite, rele **311** oswa itilize [www.MySchools.nyc](http://www.MySchools.nyc) pou chèchè distri w la. Chak CPSE kouvri plizyè distri lekòl. Ou ka jwenn kontak pou CPSE distri w la nan tablo ki anba a oswa sou entènèt nan [www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/committees-on-special-education](http://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/committees-on-special-education).

CPSE	Distri	Address	Kontak CPSE	Faks
1	7, 9, 10	One Fordham Plaza, 7th Floor Bronx, NY 10458	<b>Telefòn:</b> 718-329-8000 <b>Prezidan :</b> Steven Birkeland – <a href="mailto:SBirkeland@schools.nyc.gov">SBirkeland@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Jamiqna Bennett – <a href="mailto:JBennett16@schools.nyc.gov">JBennett16@schools.nyc.gov</a> Lauren Cross – <a href="mailto:LCross3@schools.nyc.gov">LCross3@schools.nyc.gov</a>	CPSE 1: 718-326-8138 CSE 1: 718-472-6114
2	8, 11, 12	3450 East Tremont Avenue, 2nd Floor Bronx, NY 10465	<b>Telefòn:</b> 718-794-7420 <b>Español:</b> 718-794-7490 <b>Prezidan :</b> Tricia DeVito – <a href="mailto:TDeVito@schools.nyc.gov">TDeVito@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Vern Hill – <a href="mailto:VHill5@schools.nyc.gov">VHill5@schools.nyc.gov</a>	CPSE 2: 718-472-6116 CSE 2: 718-472-6146
3	25, 26	30-48 Linden Place Flushing, NY 11354	<b>Telefòn:</b> 718-281-3461 <b>Prezidan :</b> Jennifer Lozano – <a href="mailto:JLozano@schools.nyc.gov">JLozano@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Denise Henderson – <a href="mailto:DHenderson8@schools.nyc.gov">DHenderson8@schools.nyc.gov</a>	CPSE 3: 718-472-6118 CSE 3: 718-472-6149
3	28, 29	90-27 Sutphin Boulevard Jamaica, NY 11435	<b>Telefòn:</b> 718-557-2553 <b>Prezidan:</b> Jennifer Lozano – <a href="mailto:JLozano@schools.nyc.gov">JLozano@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Deana Kalley (Sutphin) – <a href="mailto:DKalley@schools.nyc.gov">DKalley@schools.nyc.gov</a>	CPSE 3: 718-472-6118 CSE 3: 718-472-6149
4	24, 30	28-11 Queens Plaza North, 5th Floor Long Island City, NY 11101	<b>Telefòn:</b> 718-391-8405 <b>Prezidan :</b> Chris Cinicola – <a href="mailto:CCinicola@schools.nyc.gov">CCinicola@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Loureannie Reynoso – <a href="mailto:LReynoso4@schools.nyc.gov">LReynoso4@schools.nyc.gov</a>	CPSE 4: 718-472-6120 CSE 4: 718-472-6155
4	27	82-01 Rockaway Boulevard, 2nd Floor Ozone Park, NY 11416	<b>Telefòn:</b> 718-642-5715 <b>Prezidan :</b> Chris Cinicola – <a href="mailto:CCinicola@schools.nyc.gov">CCinicola@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Loureannie Reynoso – <a href="mailto:LReynoso4@schools.nyc.gov">LReynoso4@schools.nyc.gov</a>	CPSE 4: 718-472-6120 CSE 4: 718-472-6155

CPSE	Distri	Address	Kontak CPSE	Faks
5	19, 23, 32	1665 St. Marks Avenue Brooklyn, NY 11233	<b>Telefòn:</b> 718-240-3557 or 718-240-3558 <b>Prezidan :</b> Geraldine Beauvil – <a href="mailto:GBeauvil@schools.nyc.gov">GBeauvil@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Chemene Ward – <a href="mailto:CWard11@schools.nyc.gov">CWard11@schools.nyc.gov</a>	CPSE 5: 718-472-6125 CSE 5: 718-472-6159
6	17, 18, 22	5619 Flatlands Avenue Brooklyn, NY 11234	<b>Telefòn:</b> 718-968-6200 <b>Prezidan :</b> Arlene Rosenstock – <a href="mailto:ARosens3@schools.nyc.gov">ARosens3@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Dana Malacio – <a href="mailto:DMalacio2@schools.nyc.gov">DMalacio2@schools.nyc.gov</a>	CPSE 6: 718-472-6128 CSE 6: 718-472-6164
7	20, 21	415 89th Street Brooklyn, NY 11209	<b>Telefòn:</b> 718-759-4900 <b>Prezidan :</b> Dina Benanti – <a href="mailto:DBenanti@schools.nyc.gov">DBenanti@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Nivedita Biswas – <a href="mailto:NBiswas2@schools.nyc.gov">NBiswas2@schools.nyc.gov</a>	CPSE 7- BK: 718-472-6131 CSE 7- BK: 718-472-6168
7	31	715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, NY 10301	<b>Telefòn:</b> 718-420-5790 <b>Prezidan :</b> Dina Benanti – <a href="mailto:DBenanti@schools.nyc.gov">DBenanti@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Doel Santiago (SI) – <a href="mailto:Dsantiago23@schools.nyc.gov">Dsantiago23@schools.nyc.gov</a>	CPSE 7- SI: 718-472-6139 CSE 7- SI: 718-472-6161
8	13, 14, 15, 16	131 Livingston Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201	<b>Telefòn:</b> 718-935-4900 <b>Prezidan :</b> Carolyn Danner – <a href="mailto:CDanner@schools.nyc.gov">CDanner@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Lisandra Andrade – <a href="mailto:LAndrade2@schools.nyc.gov">LAndrade2@schools.nyc.gov</a> Dana Ynesa Reandelar – <a href="mailto:DReandelar@schools.nyc.gov">DReandelar@schools.nyc.gov</a>	CPSE 8: 718-472-6133 CSE 8: 718-472-6179
9	1, 2, 4	333 7th Avenue, 4th Floor New York, NY 10001	<b>Telefòn:</b> 917-339-1600 <b>Prezidan :</b> Esther Morell – <a href="mailto:EMorell@schools.nyc.gov">EMorell@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Vincent Lane – <a href="mailto:VLane@schools.nyc.gov">VLane@schools.nyc.gov</a>	CPSE 9: 718-472-6136 CSE 9: 718-472-6181
10	3, 5, 6	388 West 125th Street New York, NY 10027	<b>Telefòn:</b> 212-342-8300 <b>Prezidan :</b> Fabiana Czemerinski – <a href="mailto:FCzemerinski@schools.nyc.gov">FCzemerinski@schools.nyc.gov</a> <b>Kowòdonatè kominotè:</b> Tanya Tirado – <a href="mailto:TTirado2@schools.nyc.gov">TTirado2@schools.nyc.gov</a>	CPSE 10: 718-472-6138 CSE 10: 718-472-6193



## Biwo Sante Lekòl

Biwo sante eskolè (Office of School Health, OSH) se yon biwo konjwen ant biwo Depatman Sante ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk. Anplwaye OSH yo travay pou amelyore sante elèv Vil Nouyòk yo. OSH bay sèvis sante pou tout elèv, ladan elèv ki gen bezwen sante espesyal yo. Kèk pwogram preskolè DOE genyen yon enfimiyè sou plas pou bay sèvis sa yo.

### **Biwo sante lekòl sipòte pwogram ak fanmi lè li...**

Bay sèvis sante pou timoun ki bezwen yo.	Bay enfòmasyon pou lekòl, paran / fanmi ak elèv yo.
<ul style="list-style-type: none"><li>■ Bay swen medikal pou elèv ki malad nan lekòl la oswa ki genyen pwoblèm sante tout tan.</li><li>■ Kominike avèk ou konsènan pwoblèm sante yo idantifye nan lekòl la.</li><li>■ Reponn ijans sante yo.</li><li>■ Reyalize depistaj sante.</li><li>■ Pwoteje elèv yo kont pwopagasyon maladi enfektye.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>■ Bay pwogram ak fòmasyon sou fason pou jere ijans sante pandan jounen lekòl la (alèji, opresyon, dyabèt, kriz).</li><li>■ Anseye elèv ak paran yo sou pwoblèm sante ak konpòtman ki san danje, tankou bon nitrisyon ak aktivite fizik.</li><li>■ Rekòmande fanmi yo bay founisè swen sante kominotè ak lòt resous kominotè yo.</li></ul>

### **Antan yon paran oswa responsab legal:**

- Mande founisè premye swen pitit ou an pou ranpli Fòm Egzamen Sante Timoun / Adolèsan obligatwa a (CH-205) si pitit ou an nan yon lekòl Vil Nouyòk pou premye fwa. Remake ke Tout timoun ki nan yon lekòl Vil Nouyòk dwe ranpli fòmilè sa a.
  - Jwenn fòm CH-205 lan ak plis enfòmasyon sou egzajans sante pou ale lekòl sou sitwèb DOE a nan: [www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-requirements-to-attend-school](http://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-requirements-to-attend-school).
- Fè ekip CPSE ak pwogram preskolè pitit ou an konnen si pitit ou an gen yon pwoblèm medikal epi li bezwen sèvis sante oswa aranjman nan lekòl / pandan transpò (tankou medikaman, tretman, ekipman medikal). Y ap ba ou fòm pou oumenm ak pwofesyonèl medikal pitit ou ou an ranpli pou yo ka bay sipò pandan jounen lekòl ak / oswa transpò a si li nesesè.
  - Ou ka jwenn fòm pou sèvis sante ak aranjman yo sou sitwèb DOE a nan [www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-services](http://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-services).
  - Fòm sa yo dwe ranpli anvan premye jou prezans pitit ou an nan yon pwogram preskolè; ranpli yo ak pwofesyonèl medikal ou an anvan reyinyon CPSE w la pou pataje ak administratè CPSE a.
- Asire pitit ou an fè tchèkòp regilye ak vizit suivi yo avèk founisè premye swen pitit ou an. Si pitit ou an pa gen yon founisè premye swen, verifye ak plan asirans sante pitit ou an pou opsyon founisè.

- Si pitit ou an pa gen asirans sante:
  - Nan Eta Nouyòk, tout timoun ki gen mwens pase 19 an elijib pou Child Health Plus, ladan imigran ki pa gen dokiman. Pou jwenn plis enfòmasyon:
    - Rele 311;
    - Verifye avèk sèvis enskripsyon lekòl ou an; oswa
    - Verifye sou entènèt: [www.nystateofhealth.ny.gov](http://www.nystateofhealth.ny.gov).
- Pale avèk enfimyè lekòl ou an oswa kontakte Biwo sante lekòl nan [OSH@health.nyc.gov](mailto:OSH@health.nyc.gov) si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

## Resous ekstèn

### **INCLUDEnyc: Sant Biwo pou angajman fanmi ak kominote (Family and Community Engagement, FACE) pou Vil Nouyòk**

INCLUDEnyc se Sant pou debitan ak timoun ki gen laj lekòl FACE pou Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, ak Staten Island, ke Biwo Depatman Edikasyon Espesyal Eta Nouyòk (New York State Education Department Office of Special Education, NYSED OSE) fonde pou ankouraje bonjan enplikasyon fanmi nan sistèm edikasyon an, bati relasyon kolaborasyon nan kominote yo, epi bay enfòmasyon ak fòmasyon sou opsyon sèvis ak sistèm yo bay sèvis yo ki disponib pou timoun soti nan nesans rive nan laj 21 ane.

Pou kontakte INCLUDEnyc ou ka rele epi mande sipò oswa poze kesyon nan fason sa yo:

- Vizite sitwèb yo a nan: [www.includenyc.org](http://www.includenyc.org) / Español: [www.incluyenyc.org](http://www.incluyenyc.org);
- Rele sèvis asistans telefòn yo a nan: **212-677-4660** / Español: **212-677-4688**; oswa
- Voye imel ba yo nan: [info@INCLUDEnyc.org](mailto:info@INCLUDEnyc.org).

### **Sa yo se òganizasyon anplis ki ka itil epi ki ka gen lòt resous pou ou.**

Òganizasyon	Telefòn	Email	Sit wèb
Advocates for Children of New York	866-427-6033 (lendi - jedi, 10am pou 4pm)	<a href="mailto:info@advocatesforchildren.org">info@advocatesforchildren.org</a>	<a href="http://www.advocatesforchildren.org">www.advocatesforchildren.org</a>
Office for People with Developmental Disabilities (OPWDD)	866-946-9733	<a href="mailto:info@opwdd.ny.gov">info@opwdd.ny.gov</a>	<a href="http://www.opwdd.ny.gov">www.opwdd.ny.gov</a>
Parent to Parent of New York State	518-381-4350 1-800-305-8817	<a href="mailto:info@ptopnys.org">info@ptopnys.org</a>	<a href="http://www.parenttoparentnys.org">www.parenttoparentnys.org</a>
Sinergia / Metropolitan Parent Center	212-643-2840 866-867-9665	<a href="mailto:information@sinergiany.org">information@sinergiany.org</a>	<a href="http://www.sinergiany.org">www.sinergiany.org</a>
United We Stand of New York	718-302-4313	<a href="mailto:info@uwsofny.org">info@uwsofny.org</a>	<a href="http://www.uwsofny.org">www.uwsofny.org</a>

## VI. Tèm Kle

**Elijiblite dapre laj:** Li baze sou dat nesans timoun lan, laj kote yon timoun ka kòmanse reseva sèvis nan CPSE.

**Plan entèvansyon onivo konpòtman (Behavior Intervention Plan, BIP):** Yon plan ki baze sou rezilta FBA pou idantifye epi abòde konpòtman difisil.

**Komite sou Edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE)** Kowòdone pwosesis edikasyon espesyal pou timoun laj 3-5 an epi òganize sèvis pou elèv preskolè ki gen andikap atravè DOE a.

**Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE):** Ajans vil la ki sipèvize pwogram lekòl piblik soti nan preskolè rive nan 12yèm ane, ki gen ladan pwogram tankou 3-K pou Tout Moun ak sèvis edikasyon espesyal pou Vil Nouyòk.

**Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Mental Health and Hygiene, DOHMH)** Ajans vil la ki sipèvize Biwo Entèvansyon Bonè nan Vil Nouyòk.

**Entèvansyon Bonè (Early Intervention, EI):** Pwogram DOHMH ki ede jèn timoun (soti nan nesans rive nan 3 lane) ki p ap aprann, jwe, grandi, pale oswa mache menm jan ak lòt timoun nan laj yo.

**Elijiblite pou Sèvis edikasyon espesyal preskolè:** Detèminasyon ke genyen yon reta enpòtan konpare avèk etap devlopman oswa si timoun lan genyen yon andikap ki afekte kapasite li pou aprann. Nan Eta Nouyòk, yon timoun laj 3-5 an yo idantifye kòm yon "elèv preskolè ki gen yon andikap" si CPSE idantifye timoun lan kòm yon timoun ki genyen yon andikap.

**Edikasyon piblik gratis ak apwopriye (Free and Appropriate Public Education, FAPE):** Pwogram Edikasyon espesyal ak sèvis pou ede avèk andikap la ke yo ofri sou kont leta, sou sipèvizyon ak kontwòl piblik, epi san paran an pa peye anyen.

**Evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA)** Yon evalyasyon k ap chèche konnen rezon ki fè yon elèv gen konpòtman ki anpeche l aprann epi kòman konpòtman an gen rapò avèk anviwònman an.

**Lwa sou amelyorasyon edikasyon moun ki gen andikap (Individuals with Disabilities Education Improvement Act, IDEA):** Yon lwa federal ki bay elèv ki gen andikap dwa pou resewa yon FAPE nan anviwònman ki gen mwens restriksyon apati laj 3 lane jiska ane elèv la genyen 21 an oswa gradye ak yon diplòm lekòl segondè.

**Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP):** Yon plan ekri ki pale sou kapasite ak objektif yon timoun, epi mete aksan sou sèvis DOE a ap bay gratis pou reponn bezwen edikasyon yo.

**Plan sèvis fanmi endividyèl (Individualized Family Service Plan, IFSP):** Yon plan ekri k ap fèt espesyalman pou yon timoun ak fanmi li ki mete aksan epi eksplike sèvis EI y ap resewa yo.

**Anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE):** Kad kote y ap rekòmande yon timoun pou resewa pwogram ak sèvis yo, ki se yon kad ki gen timoun san IEP nan limit ki apwopriye.

**Avi kalifikasyon potansyèl:** Yon fòm yo voye 120 jou anvan yon timoun elijib pou sèvis CPSE ki fè CPSE konnen yon timoun ka kontinye bezwen sèvis espesyal apre kite EI. Fanmi yo gen dwa pou yo pa patisipe, si yo pa vle notifye CPSE a.

**Office pou moun ki gen andikap devlopman ( Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD)** Yon ajans Nouyòk ki bay sèvis pou moun tout laj ki gen twoub entelekyèl ak devlopman, ki baze sou nivo bezwen yo.

**Rekòmandasyon:** Yon demann alekri ki kòmanse pwosesis evalyasyon edikasyon espesyal la pou detèmine si elèv la gen yon twoub epi li bezwen sèvis edikasyon espesyal.

**Sèvis ki asosye:** Sèvis ki mete aksan sou IEP yon timoun pou sipòte objektif akademik li, tankou terapi fizik, terapi pwofesyonèl, òtofooni / terapi langaj ak lòt.

**Klas espesyal (SC):** Yon sal klas ki sèvi sèlman elèv ki gen IEP ki gen bezwen yo pa ka satisfè nan anviwònman edikasyon jeneral oswa nan sal klas SCIS ki gen èd ak sèvis siplemantè.

**Klas espesyal nan yon anviwònman entegre (Special Class in an Integrated Setting, SCIS):** Yon salklas kote yo edike elèv ki gen IEP ak elèv ki pa gen IEP ansanm.

**Pwofesè vizitè edikasyon espesyal (Special Education Itinerant Teacher, SEIT):** Yon pwofesè ki travay depre avèk yon elèv sou kapasite akademik, emosyonèl ak sosyal. Yo ka bay sèvis sa a nan ti gwoup oswa endividyèlman nan yon pwogram debitan, nan yon lòt adrès gadri fanmi an idantifye, oswa lakay yon fanmi nan kèk sityasyon.

